


Huchingori Ushamwari Here?

Mumwe munhu angaona mamwe mashoko seanorati-
tidza ushamwari chete asi mumwe achiaona seanorati-
dza kuti pane rudo. Asi kana ukanyatsofunga usati wa-
tumira meseji, kakawanda kacho hauzotumiri mashoko
anozoonekwa zvisiri izvo!



1

ZVINGAFUNGWA NEMUNHU

- Munhu angafunga kutii kana ukamutumira mameseji kakawanda pazuva?

- Munhu angafunga kutii kana ukamutumira mameseji usiku?


- Mukomana kana kuti musikana angafunga kutii kana mukagara muchitaura zvinhu zviru kumunetsa zvaasingangoudzi chero munhu?

“Ndinobvuma hangu kuti zva-
kaoma kusatamba nerudo ka-
na uchifarira mumwe munhu.
Asi ndakadzidza kuti haufaniri
hako kutamba nerudo kuti va-
nhu vakufarire. Kana uchifu-
nga kuti wagadzirira kufambi-
dzana nemumwe munhu, zvi-
rinani kuti mutange muri sha-
mwari!” —Julia.

2

MAEMOJI

- Isa manhamba pamaemoji anotevera zvi-
chienderana nemaonero aunoaita—tanga ne-
kasinganyanyopa pfungwa yerudo (# 1) wo-
pedzisira nekanotoita kuti munhu asare achi-
funga zverudo (#6).



Chimbofungidzira izvi: Uri kutumira meseji kushamwari yechikomana kana kuti yechisikana. Hausi kufunga zvekudanana naye, asi uri kuda kuratidza kuti une hanya naye nekuti ari padambudziko. Unobva wamutumira meseji inotevera:


Sori hako kuti zvinhu hazvisi kukufambira zvakanaka. Ndinovimba kuti zvichaita nani.

Tomboti unobva waisa *emoji* pameseji yacho. Pamienzaniso inotevera, nyora kuti munhu ari kutambira meseji yacho angafunga kuti.

Sori hako kuti zvinhu hazvisi kukufambira zvakanaka. Ndinovimba kuti zvichaita nani. 😊

Meseji yacho ingamusiya achifunga kuti:


Atumirwa wacho angafunga kuti pane zverudo here apa:



Sori hako kuti zvinhu hazvisi kukufambira zvakanaka. Ndinovimba kuti zvichaita nani. 😌

Meseji yacho ingamusiya achifunga kuti:


Atumirwa wacho angafunga kuti pane zverudo here apa:



Sori hako kuti zvinhu hazvisi kukufambira zvakanaka. Ndinovimba kuti zvichaita nani. 😏

Meseji yacho ingamusiya achifunga kuti:


Atumirwa wacho angafunga kuti pane zverudo here apa:



Sori hako kuti zvinhu hazvisi kukufambira zvakanaka. Ndinovimba kuti zvichaita nani. 😘

Meseji yacho ingamusiya achifunga kuti:


Atumirwa wacho angafunga kuti pane zverudo here apa:



Sori hako kuti zvinhu hazvisi kukufambira zvakanaka. Ndinovimba kuti zvichaita nani. ❤️

Meseji yacho ingamusiya achifunga kuti:


Atumirwa wacho angafunga kuti pane zverudo here apa:



Sori hako kuti zvinhu hazvisi kukufambira zvakanaka. Ndinovimba kuti zvichaita nani. 😄


Meseji yacho ingamusiya achifunga kuti:

Atumirwa wacho angafunga kuti pane zverudo here apa:




- Maemoji api asingaiti kutumira kana usingadi kuti wauri kutumira wacho afunge kuti zvava zverudo?

ASINGAITI



- Maemoji api anoita kutumira?

ANOITA



3

UNOFUNGEI?

“Mumwe wandinoshanda naye akandiudza kuti, ‘Paunotamba nemunhu uchiita seunomuda unoita kuti anyatsobudisa unhu hwake hwakanaka uye izvozvo zvinoita kuti unzwe uchifara.’”—Carly.


- Unobvumirana nezvakataurwa nemunhu anoshanda naCarly here?

Ehe Aiwa

Nei uchidaro:

- Zvii zvingangodaro zvisiri kufungwa nemunhu anoshanda naCarly?

“Vanhu vanowanzofunga kuti ndakura kupfuura zvandiri. Ndakadzidza kuti kunyange ini ndikatsamba nerudo asi mukomana ondiitira izvozvo, ini handifaniri kuzoitawo sendinomuda. Handisati ndatombogadzirira kudanana nemumwe munhu, saka zvakaipa kuti ndiite kuti mukomana afunge kuti ndinomuda.” —Ellen .



NYAYA YATARA

Zvandakaita: “Pane mukomana wandainyatsoziva kuti handimudi, asi ndaingoda kuti andifarire. Kutaura chokwadi ndainakidzwa nekundifarira kwaaiita. Ndaitaura naye pandainzwa kubhowekana kana kuti zvinhu pazvainge zvisiri kundifambira zvakanaka. Ndakazopedzisira ndamurwadzisa nekuti ndakaita kuti afunge kuti ndaimuda. Ndaisaziva kuti aitondida zvakadaro. Pandakamuudza kuti

ndaisamuda, akarwadziwa kwenguva yakareba. Ndakanetseka chaizvo.”

Zvandakadzidza: “Rudo harwusi rwekutamba narwo; rwunobata-bata mwoyo, saka unofanira kufunga nezvemanzwiwo emumwe munhu. Pakupedzisira, kutamba nemwoyo wemunhu kunoputsa ushamwari uye kunokonzera zvinetso.”